



Pou Piblikasyon Imedya: 11/11/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO BAY ENSTRIKSYON AK FÒS ENTÈVANSYON KONT KRIM  
RAYISANS YO NAN LAPOLIS ETA A AK DIVIZYON DWA ZIMEN ETA POU  
ENVESTIGE MESAJ RASIS KE YO JWEN NAN KANPIS SYRACUSE UNIVERSITY A**

"Mwen degoute langaj vilgè ak rayisab ke yo fèk jwenn ekri sou mi Syracuse University a, ki se yon kote yo rekrute etidyan nan tout mond lan chak ane pou pouswiv yon aprantisaj siperyè. Kalite aksyon rayisans ak entoleran sa yo ap chèche divize epi separe kominote nou yo, epi yo pa gen plas yo nan New York - epi pwen ba.

Mwen bay enstriksyon ak Fòs Entèvansyon kont Krim Rayisans nan Lapolis Eta a (State Police Hate Crimes Task Force) ak Divizyon Dwa Zimen (Division of Human Rights) Eta a pou ofri asistans bay otorite lokal yo nan ankèt sou zak rayisans sa a. Nou pral fè tout sa ki depann de pouvwa nou pou pouswiv sila yo ki responsab nan tout mezi lalwa prevwa a".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)